

Vizite pak ak plaj yo nan Vil New York: Pwoteje tèt ou ak lòt moun yo kont COVID-19

Lè rete aktif fizikman, sa ka fè lespri w ak kò w rete an bòn sante. Lè w pral avantire w deyò a pou w pran lè fre, li enpòtan pou w pran plis prekosyon pandan pandemi COVID-19 la kontinye simaye.

Men kèk ti konsèy pou ede w pwoteje tèt ou ak lòt moun yo:

Rete lakay ou si w santi w malad. Pa ale nan pak oswa nan plaj.

- Moun yo ki gen COVID-19 la te rapòte divès kalite sentòm. Sentòm yo ka parèt ant de (2) a 14 jou apre yon moun te ekspozè a viris la.
- Sentòm yo rapòte pi souvan yo gen ladan:
 - Tous
 - Souf kout oswa difikilte pou respire
 - Lafyè
 - Frison
 - Doulè nan misk
 - Malgòj
 - Vin pa ka pran gou oswa sant
- Moun ki genyen oswa ki ka genyen COVID-19 la pa dwe kite lakay yo pou al fè aktivite lwazi yo.
- Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite nyc.gov/health/coronavirus epi chache pou “Symptoms and What to Do When Sick” (Sentòm yo ak Kisa pou m Fè Lè m Malad).

Vizite pak, plaj ak lòt espas anplennè ki pre lakay ou.

- Lè w vwayaje distans ki lwen sa ka ogmante chans pou w vin gen kontak ak yon moun ki gen COVID-19. Li ogmante tou chans pou gen foul moun nan transpò piblik ak nan lari yo.

Rete a distans.

- Rete nan yon distans omwen 6 pye ant ou menm ak lòt moun yo. Si w pa kapab fè sa a, retire kò w nan espas sa a sou plaj la oswa nan pak la.

Mete kachnen pou kouvri figi w.

- Yon kachnen pou kouvri figi se nenpòt papye oswa twal ki byen tache (tankou yon mouchwa oswa foula) ki kouvri nen ou ak bouch ou. Kachnen pou kouvri figi yo senp men yo enpòtan pou redui transmisyon maladi a.
- Li obligatwa pou Nouyòk yo ki gen plis pase 2 zan mete yon kachnen pou kouvri figi yo lè yo deyò lakay yo si yo pa ka rete nan yon distans omwen 6 pye ant yo menm ak lòt moun.
- Pou w jwenn plis enfòmasyon sou kachnen pou kouvri figi yo, vizite nyc.gov/facecoverings.

Pratike ijyèn pèsònèl sanitàè.

- Lave men w yo souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn chak fwa oswa itilize yon dezenfektan pou men abaz alkòl lè pa gen savon ak dlo disponib.
- Kouvri nen ou ak bouch ou avèk yon mouchwa oswa manch rad ou lè ou ap estène oswa touse. Pa itilize men ou.
- Pa bay lanmen.
- Evite kontak ki pa nesèsè ak sifas moun konn manyen souvan yo, tankou pwanyè pòt yo ak ranp sipò yo.
- Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite nyc.gov/health/coronavirus epi chache pou “Prevention and Groups at Higher Risk” (Prevansyon ak Gwoup ki gen plis Risk yo).

Pa rasanble nan gwoup.

- Evite rasanbleman ak lòt moun, eksepte moun lakay ou. Nenpòt lè w ap pase tan ak moun ki pa moun lakay ou, rete nan yon distans omwen 6 pye.
- Pa òganize randou jwèt pou timoun yo.

Pa patisipe nan espò òganize yo.

- Espò an gwoup yo tankou foutbòl ak baskètbòl mande pou atlèt yo rete pwòch youn ak lòt, sa ki ogmante risk pou yo ekspozè a COVID-19.

Pa naje nan plaj NYC yo.

- Plaj Vil New York yo fèmen aktyèlman la yo pa kite moun naje ladan yo. Yo otorize moun mache, kouri, ak chita pou yon ti tan.

Kesyon Moun Konn Poze Souvan yo

Èske pak NYC yo ouvri?

Wi. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite nycgovparks.org/about/health-and-safety-guide/coronavirus.

Èske plaj NYC yo ouvri?

Plaj NYC yo fèmen aktyèlman la yo pa kite moun naje ladan yo. Yo otorize moun mache, kouri ak chita pou yon ti bout tan. Rete nan yon distans omwen 6 pye de nenpòt moun ki pa moun lakay ou nenpòt lè sa posib. Ou dwe pote epi mete kachnen pou kouvri figi w nenpòt lè w pa ka obzève distans omwen 6 pye ant ou menm ak lòt moun yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite nycgovparks.org/about/health-and-safety-guide/coronavirus.

Èske plaj Eta New York (NYS) yo ouvri?

NYS pral ouvri kèk plaj ki pa nan Vil New York (NYC) vandredi 22 me. Plaj ki pa plaj NYC yo pral fonksyone nan kapasite 50% oswa mwens epi y ap egziye moun yo pran plis prekosyon. Pou w jwenn plis detay, vizite parks.ny.gov/covid19.

Èske pisin NYC yo ouvri?

Non. Pisin piblik NCY ak NYS yo fèmen.

Èske lakou jwèt NYC yo ouvri?

Non. Lakou jwèt NYC yo fèmen jiska nouvèl òd.

Kisa ou dwe fè si w bezwen pran transpò piblik pou w al nan yon aktivite anplennè?

Nenpòt lè sa posib, vizite pak ak plaj yo ki pre lakay ou. Pou tout kalite transpò, swiv prekosyon jeneral yo pou prevansyon kont COVID-19 la, tankou rete nan yon distans omwen 6 pye ant ou menm ak lòt moun, mete kachnen pou kouvri figi w, epi pratike ijyèn men sanitè. Yo pa otorize trajè an gwoup yo (ke yo konn rele tou woulib "pataje" oswa "kovwatiraj").

Èske m ka fè babekyou nan pak la?

Yo entèdi fè rasanbleman ak babekyou, epi espas pou griye yo fèmen. Anvizaje pote pwòp manje w ak dlo w, ansanm ak dezenfektan pou men pou w itilize lè pa gen savon ak dlo disponib. Pou w jwenn detay yo, vizite nycgovparks.org/about/health-and-safety-guide/coronavirus.

Èske m ka fè egzèsis nan pak la?

Wi. Pak NYC yo se bon kote pou moun mache ak fè egzèsis. Byenke yo otorize w fè egzèsis pou kont ou oswa ak moun lakay ou, yo entèdi espò ki jwe an ekip yo (tankou baskètbòl, foutbòl ameriken, sòfbòl, ak foutbòl). Kenbe distans fizik, ki gen ladan kite omwen 6 pye ant ou menm ak lòt moun yo pandan w ap kouri, mache, oswa monte bekàn.

Èske m ka mennen chen mwen nan pak la?

Wi. Pak NYC yo ouvè pou chen ak mèl bèt domestik yo pran lè fre ak fè egzèsis. Tout règ pou lè yo pa nan kòd yo toujou aplike. Lè w ap mache ak chen ou, kite omwen 6 pye ant ou menm ak lòt moun yo. City dog runs fèmen jiska nouvèl òd. Pou w jwenn detay yo, vizite nycgovparks.org/about/health-and-safety-guide/coronavirus.

Resous yo

- Pou w jwenn plis enfòmasyon sou sèvis pak NYC yo, vizite nycgovparks.org/about/health-and-safety-guide/coronavirus.
- Pou w jwenn plis enfòmasyon sou sèvis pak NYS yo, vizite parks.ny.gov/covid19.
- Pou w jwenn plis enstriksyon pou lè w ap vizite pak yo ak etablisman lwazi yo, vizite cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/daily-life-coping/visitors.html.

Depatman Sante Vil New York la gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.

22.5.20